

<https://attorneygeneral.delaware.gov/executive/open-government/>

Gouvènman Louvri

Konsènan Lwa sou Libète Enfòmasyon Delaware la

Objektif FOIA

An 1977, Asanble Jeneral la te adopte [Lwa sou Libète Enfòmasyon \(FOIA\)](#) Delaware la pou asire ke gouvènman an louvri epi responsab pou sitwayen li yo.

Li esansyèl nan yon sosyete demokratik pou biznis piblik yo fèt nan yon fason ki louvri epi ki piblik pou sitwayen nou yo gen opòtinite pou yo obsève pefòmans ofisyèl piblik yo ak pou kontwòle desizyon yo ke yo pran nan fòmile ak egzekite politik piblik yo; epi anplis, li esansyèl pou sitwayen yo gen aksè fasil nan dosye piblik yo pou sosyete a rete lib e demokratik. Nan objektif sa yo, epi pou ranfòse responsablite gouvènman an fas a sitwayen Eta sa a, yo adopte chapit sa a epi yo dwe entèprete l.

29 Del. C. § 10001.

Lwa FOIA

Lwa FOIA Delaware la sitiye nan Kòd Delaware la nan [29 Del. C. § 10001 -10007](#).

Opinyon Pwokirè Jeneral FOIA Delaware la

Sitwayen Delaware yo ka mande Depatman Lajistis Delaware la (“DOJ”) pou yon chache detèmine si yon òganis piblik te vyole FOIA a oswa si l pral vyole FOIA a. Yo bay pati yo desizyon alekri yo sou fòm yon lèt oswa Opinyon Pwokirè Jeneral. Pwokirè Jeneral la pibliye opinyon yo sou [paj entènèt Opinyon Pwokirè Jeneral la](#).

Manyèl Règleman pou Kowòdonatè FOIA yo

DOJ a pibliye yon [Manyèl Règleman pou Kowòdonatè FOIA yo](#) ke yo mete ajou chak dezan (2 zan). Yo te mete Manyèl sa a ajou tou dènyeman nan mwa Oktòb 2021.

Kesyon yo Poze Souvan yo

Demann Dosye yo

K: Kisa ki yon dosye piblik?

Definisyon “dosye piblik” la laj. Li gen ladann tout enfòmasyon yon "òganis" ki anndan yon dokiman fizik oswa ki estoke nan fòm elektwonik ki gen rapò nan nenpòt fason ak biznis piblik oswa rezon piblik, oswa ki nan enterè piblik. Yo defini yon "òganis piblik" nan [29 Del. C. 10002\(k\)](#). Pifò òganis eta, konte ak gouvènman minisipal yo se òganis piblik, men lwa a genyen de egzijans ki klè, epi si wi ou non yon òganis kalifye kòm yon òganis piblik depann de aplikasyon de (2) kondisyon sa yo pou òganis espesifik la. Tribinal Delaware yo pa òganis piblik e yo gen pwòp règ pa yo pou jwenn aksè nan dosye tribinal yo. Pou plis enfòmasyon sou òganis piblik yo, gade nan [Manyèl la](#).

Gen kèk kategori dosye yo eskli nan definisyon dosye piblik la. Pa egzanp, sekre komès, dosye ankèt konpile nan objektif pou fè respekte lwa sivil oswa penal yo, ak kèk enfòmasyon pèsone ak medikal yo egzante. Gade [29 Del. C. § 10002\(o\)](#) pou yon lis konplè egzanpsyon yo.

K: Ki jan yon sitwayen fè yon demann pou dosye piblik?

Yo dwe fè yon demann FOIA alekri bay òganis piblik ki apwopriye a. Eta Delaware la gen yon [fòm pou demann FOIA](#) ke yo ka soumèt elektwonikman atravè yon pòtay anliy bay divès antite eta yo. Fòm estanda sa a pa obligatwa. Si yon sitwayen p ap sèvi ak fòm estanda a, demann lan dwe fèt alekri, li dwe gen ladan l yon deskripsyon dosye yo mande yo, bay enfòmasyon ki nesese pou kontakte moun ki fè demann nan, epi li dwe respekte règleman FOIA òganis piblik la. Tout demann yo dwe byen dekri dosye yo ap chèche yo ak ase detay pou pèmèt òganis piblik la lokalize dosye sa yo ak yon efò rezonab. Yo ankouraje yon sitwayen ki ap fè yon demann pou l pi presi ke posib lè l ap dekri dosye yo pou ede òganis piblik la jwenn dosye ki koresponn yo.

K. Konbyen tan yon òganis piblik genyen pou l reponn a yon demann FOIA?

FOIA egzije pou yon òganis piblik reponn a yon demann pou dosye pi vit ke posib, men pa plis pase 15 jou ouvrab apre yo fin resevwa demann lan. Yon òganis piblik ka reponn lè li bay oswa refize aksè ak dosye yo, oswa si demann lan se pou gwo kantite dosye, nesese konsèy jiridik, oswa se pou dosye ki nan depo oswa ki nan achiv, òganis piblik la ka reponn lè li bay youn nan rezon sa yo pou reta epi bay yon estimasyon tan de bònfwà kote li ap ka bay yon repons.

K: Ki frè yon òganis piblik kapab evalye pou trete yon demann FOIA?

Òganis piblik yo ka fè peye pou kopi ak frè administratif pou trete yon demann FOIA. Frè espesifik ki tabli nan lwa FOIA a aplike sof si òganis piblik la te adopte yon estrikti frè ki diferan

nan kòd li yo. Lwa FOIA prevwa frè sa yo. Premye 20 paj ki gen gwosè estanda yo, kopi nwa e blan yo gratis. Pou kopi nwa ak blan ak gwosè estanda yo, ki depase 20 paj, frè yo se \$.10 pou chak fèy oswa \$.20 pou yon fèy doub. Pou mikwofim/mikrofich, kopi koulè yo, ak lòt gwosè yo, frè espesifik pou kopi yo tabli nan [29 Del. C. § 10003\(m\)](#). Òganis piblik la gendwa fè peye pou frè administratif lè pou yo bay yon repons, ki gen ladan tan anplwaye ki asosye ak tretman demann lan, men san okenn frè pou revizyon jiridik òganis piblik la pou l konnen si yon dosye egzante. Pou plis enfòmasyon sou frè administratif yo, gade [29 Del. C. § 10003\(m\)](#) ak [Manyèl la](#).

K: Èske FOIA egzije yon òganis piblik pou li kreye oswa konsève yon dosye piblik?

FOIA pa egzije yon òganis piblik pou kreye yon dosye ki pa egziste deja an repons a yon demann FOIA. FOIA pa egzije yon òganis piblik pou konsève dosye piblik yo. Kondisyon pou kenbe dosye piblik yo se yon seri de lwa separe ki detèmine obligasyon yon òganis piblik pou kenbe dosye li yo.

K: Èske yon òganis piblik dwe reponn kesyon yo poze nan yon demann dosye?

Objektif FOIA se pou pèmèt aksè a dosye piblik ki egziste deja yo epi pou pèmèt yo wè yo nan reyinyon piblik yo. FOIA pa egzije pou yon òganis piblik reponn kesyon yo an repons a yon demann FOIA.

Revinyon Lib yo

K: Kisa ki yon reyinyon lib?

Yo defini yon reyinyon antanke “yon rasanbleman fòmèl oswa enfòmèl nan yon kowòm manm nan nennpòt òganis piblik nan objektif pou diskite oswa poze aksyon sou enterè piblik.” [29 Del. C. § 10002\(g\)](#). Tout reyinyon yon òganis piblik, eksepte kèk nan yo, louvri pou piblik la asiste.

K: Èske gen kèk reyinyon nan yon òganis piblik ke piblik la pa gen dwa pou l asiste?

Piblik la pa gen dwa pou l asiste nan yon reyinyon pou egzekitif okenn òganis piblik. Epitou, piblik la pa gendwa asiste reyinyon kèk antite, tankou Board of Pardons and Parole, gran jiri, ti jiri, ak jiri espesyal ak òganis piblik ki gen yon sèl moun, tankou yon majistra. Gade [29 Del. C. §](#)

[10004\(h\)](#) pou lis konplè òganis piblik ki egzante de egzijans reyinyon lib FOIA. Yo ka mande manm piblik la pou yo kite yon reyinyon piblik paske yo ap deranje.

K: Ki lè yon òganis piblik ka konvoke yon reyinyon egzekitif?

Yon òganis piblik ka konvoke yon reyinyon egzekitif pou diskite sou kèk dosye yo defini ki pa konsène piblik la nan [29 Del. C. § 10004\(b\)](#). Pa egzanzp, yon òganis piblik ka rankontre nan yon reyinyon egzekitif pou diskite sou dosye pèsoneèl oswa sou kalifikasyon yon moun pou kenbe yon travay oswa pouswiv fòmasyon.

K: Èske yon òganis piblik dwe kenbe pwosè vèbal reyinyon li yo?

Yon òganis piblik dwe kenbe pwosè vèbal reyinyon piblik li yo ak reyinyon egzekitif li yo. Kondisyon sa yo tabli nan [29 Del. C. § 10004\(g\)](#).

K: Ki jan piblik la ka jwenn enfòmasyon sou reyinyon lib yo?

Yon òganis piblik dwe afiche yon avi sou dat, lè, lokal reyinyon an, epi si wi ou non reyinyon an pral fèt dapre [29 Del. C. § 10006A](#) omwen sèt (7) jou davans.. Avi a dwe gen ladan l yon òd di jou ki site pwen prensipal enterè piblik ki dwe diskite yo, si gen youn ki disponib. Si yon òd di jou pa disponib nan moman yo afiche a, òganis piblik la dwe afiche òd di jou a pa pita ke sis èdtan anvan reyinyon an ak tout rezon ki eksplike reta a. Yo dwe afiche avi klèman nan biwo prensipal òganis piblik la, oswa si pa genyen okenn, kote òganis piblik la reyini regilyèman. Òganis piblik ki pa nan ni konte, ni minisipal yo, anplis de òganis piblik branch egzekitif Eta a, dwe afiche reyinyon yo sou [Kalandriye Reyinyon Piblik Eta Delaware la](#).

K: Èske piblik la gen dwa pou l pale nan yon reyinyon piblik?

FOIA pèmèt piblik la obsève reyinyon lib yo, men li pa egzije yon òganis piblik pou pèmèt piblik fè kòmantè pandan yon reyinyon. Chak òganis piblik kapab etabli pwòp règ ak pwosedi pou pèmèt kòmantè piblik nan reyinyon lib yo, ki dwe ranpli kèk estanda jiridik konsènan ekite ak non-diskriminasyon. DOJ la ankouraje òganis piblik yo pou pèmèt yon peryòd kòmantè piblik nan reyinyon piblik yo.

Pwosesis Petisyon FOIA

K: Kisa yon sitwayen ka fè si li kwè ke yon òganis piblik te vyole FOIA oswa li pral vyole FOIA?

Yon sitwayen ka mande Pwokirè Jeneral la pou l detèmine si wi ou non te gen yon vyolasyon ki te fèt oswa si li pral fèt. Otorite DOJ a limite a detèminasyon sa a epi li pa enkli otorite pou bay òdonans oswa evalye penalite yo kont yon òganis piblik pou vyolasyon FOIA. Enstriksyon pou depoze petisyon yo disponib nan paj sa a anba "Kijan pou depoze yon petisyon FOIA devan DOJ a." Nan kèk sikonstans, yon sitwayen ka depoze yon plent dapre kondisyon legal yo. [29 Del. C. § 10005](#). Si l ap konsidere yon plent, yo ankouraje yon sitwayen pou kontakte yon avoka prive san pèdi tan pou diskite sou opsyon li yo.

K: Kisa pwosesis la ye lè DOJ la fin resevwa yon petisyon ki di ke yon òganis piblik te vyole FOIA oswa li pral vyole FOIA?

Depi li resevwa yon petisyon, DOJ a ap egzamine petisyon an pou l asire li konplè epi mande tout lòt enfòmasyon ki ka nesèsè. Yon fwa yo fini, DOJ la pral kontakte òganis piblik la, si sa nesèsè, pou bay yon repons alekri sou akizasyon yo ki nan petisyon an. Gen kèk dosye ki ka decide san yon repons ki soti nan òganis piblik la. Apre li fin revize tout enfòmasyon ki enpòtan yo, DOJ la ap bay pati yo yon desizyon alekri. [Règ pou Pwosedi pou Petisyon ak Desizyon FOIA yo](#) dekri pwosesis petisyon an an detay.

K: Èske DOJ la ka bay yon sitwayen konsèy jiridik?

DOJ la pa kapab bay sitwayen yo konsèy jiridik. Yo ta dwe poze yon avoka prive tout kesyon jiridik sou FOIA a.

Kijan pou w ranpli yon demann pou dosye DOJ yo

Pou depoze yon demann FOIA devan DOJ a, sitwayen yo ka soumèt [fòm](#) sa a epi chwazi "Biwo Pwokirè Jeneral" kòm òganis piblik la. DOJ aksepte demann FOIA alekri tou pa imel, faks, ak lapòs ameriken. W ap jwenn kowòdone yo chak anba a. Demann lan dwe gen ladan non ak enfòmasyon pou kontakte pati ki ap fè demann lan, sa ki gen ladan l adrès kay oswa biznis, ak yon deskripsyon detaye sou dosye yo ap chache yo.

Pou plis enfòmasyon, règleman DOJ a konsènan demann FOIA yo disponib [la a](#).

Imèl:

opengovernment@delaware.gov

Faks:

(302) 739-7652

Pa lapòs:

Depatman Lajistis Delaware

Pou: Tammy LeCates, Kowòdonatè FOIA

102 W. Water St.

Dover, DE 19904

Pou depoze yon demann FOIA devan yon ajans oswa depatman nan Eta a, vizite [pòtay demann FOIA Eta Delaware la](#) lè w chwazi òganis piblik ki apwopriye a. Pou ranpli yon demann FOIA devan yon konte, minisipalite, oswa lòt òganis piblik nan Delaware, kontakte biwo prensipal yo a oswa vizite sit entènèt yo pou plis enfòmasyon.

Kijan Pou Depoze yon Petisyon FOIA devan DOJ la

Si yon sitwayen kwè ke yon òganis piblik te vyole FOIA oswa li pral vyole FOIA, sitwayen an ka mande Pwokirè Jeneral la pou yon desizyon si wi ou non yon vyolasyon te fèt. Petisyon yo dwe alekri e yo dwe genyen sa yo ladan yo: (1) yon deskripsyon sou fason yon òganis piblik vyole FOIA oswa pral vyole FOIA; epi (2) tout dokiman ki sipòte swadizan vyolasyon sa a, tankou korespondans imèl ak òganis piblik la oswa òd di jou reyinyon oswa pwosè vèbal yo, si sa apwopriye. Petisyon ki pretann ke yon òganis piblik te mal reponn yon demann FOIA dwe gen ladan yon kopi demann orijinal la (si li disponib) ak repons òganis piblik la.

Règ pou Pwosedi pou Petisyon FOIA yo disponib [la a](#).

Pou w soumèt yon petisyon, endike klèman ke li adrese a Kowòdonatè DOJ FOIA a epi voye l pa faks, imèl oswa lapòs, jan sa endike l anba a.

Nou ankouraje tout moun ki fè petisyon yo pou yo soumèt petisyon yo a pa imèl bay opengovernment@delaware.gov epi pou yo bay yon adrès imel nan enfòmasyon pou kontakte yo, chak fwa sa posib.

Imèl:

opengovernment@delaware.gov

Faks:

(302) 739-7652

Pa lapòs:

Depatman Lajistis Delaware
Pou: Tammy LeCates, Kowòdonatè FOIA
102 W. Water St.
Dover, DE 19904

Resous yo

Fòmasyon pou Kowòdonatè FOIA nan tout Eta a

Yo ap fè Fòmasyon 2022 a pou Kowòdonatè FOIA yo nan dat 26 oktòb. Ou ka wè pwogram fòmasyon an [la a](#).

Yo te fè [Fòmasyon 2021 an pou Kowòdonatè FOIA yo](#) nan dat 27 oktòb sou Zoom. Dyapozitif prezantasyon yo disponib [la a](#).

Resous Adisyonèl

- [Maniyèl Règleman pou Kowòdonatè FOIA yo](#)

- [Règ Pwosedì FOIA pou Petisyon ak Desizyon yo](#)

- [Règleman DOJ pou Demann FOIA yo](#)